



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL NAN REYINYON MEZON BLANCH ASOSYASYON NASYONAL GOUVÈNÈ YO

"Nan kòmansman jounen an, mwen te rankontre avèk Prezidan Biden, Vis Prezidan Harris ak responsab kabinè yo nan kad reyinyon ivè 2022 Asosyasyon Nasyonal Gouvènè yo. Mwen apresye opòtinite pou diskite difikilte eta nou an ap fè fas ak fason nou kapab kontinye travay avèk gouvènman federal la pou bay opòtinite ak pwoteje Nouyòkè yo.

"An patikilye, mwen te defann adopsyon yon pake final sou konpetitivite ekonomik pou ranfòse endistri semi-kondiktè a, abòde pwoblèm chèn apwovizyonman epi kreye travay nan New York ak atravè peyi a nan domèn vital sa a. Gouvènè yo te diskite tou efò kontinyèl nou yo pou konbat COVID-19, kenbe lekòl yo ouvri ak bay soulajman pou mendèv swen sante nou an. Aksyon gouvènman federal la yo ankouraje mwen pou akselere tretman antiviral pwometè yo ak pou bay sipò nan efektif pèsònèl pou lopital ak enstalasyon swen sante yo. Anplis de sa, konpatriyòt Gouvènè mwen yo te pataje preyokipasyon yo konsènan enfstasyon k ap ogmante epi mwen konsantre sou asire Nouyòkè yo kapab pwospere nan ekonomi sa a. Mwen pral kontinye travay avèk lòt gouvènè yo pou amelyore ak divèsifye rezèv devlopman mendèv peyi nou an ak fòme Nouyòkè yo pou travay nan endistri k ap devlope yo, sa gen ladan nan sektè enèji pwòp la, elaji aksè nan wo debi, espesyalman nan kominote riral yo ak pou bay sipò pou fanmi k ap travay yo.

"Mwen pa ka tann pou m kontinye patenarya sou pwoblèm kritik sa yo ak travay kontinyèl nou pou reponn atant Nouyòkè yo".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418